



# CENTRAL BROOKLYN ASCEND LOWER SCHOOL

465 East 29<sup>th</sup> Street, Brooklyn, NY 11226

t: 917-246-4800

e: [cbls\\_ops@ascendlearning.org](mailto:cbls_ops@ascendlearning.org)

w: [www.cbls.ascendlearning.org](http://www.cbls.ascendlearning.org)

[Kalandriye Fanmi 2021-22](#)






## RAPEL PARAN

23 out, 2021

Chè Fanmi Central Brooklyn Ascend Lower School,

Nou fini premye semèn oryantasyon lekòl nou an semèn pase a! Nou tèlman fyè de tout kominote lekòl nou an pou yon retou ane lekòl ki te gen siksè. Nou apresye fleksibilite ou, fidbak ak pasyans pandan ke nou kontinye pafè pwosedi nou yo pou arive ak kan lekòl lage. Ou te swiv pwotokòl sekirite nou yo pa mete mask, ou konplete App paspò a, ou te genyen Pas ou pou Lekòl Lage pou w prezante pou elèv ou chak jou. Mèsi.

### Swivi sa yo se Rapèl pou Paran semèn sa a pou revizyon ou:

<p><b>Enskripsyon Pou Tès Kovid-19 la</b></p> 	<p>Ranpli Enskripsyon an pou Tès Covid-19 la pou elèv ou a <i>si ou pa te deja fè sa</i>. Klike <a href="#">LA</a> pou kreye yon kont pou elèv ou epi epi voye nimewo ID 6 chif elèv ou a nan imèl nou an: <a href="mailto:cbls_ops@ascendlearning.org">cbls_ops@ascendlearning.org</a>. Mèsi fanmi yo ki te konplete etap sa a.</p>
<p><b>Aplikasyon Manje lekòl pou Dejene ak Manje Midi</b></p> 	<p>Si ou pa te deja fè sa, vizite <a href="https://www.myschoolapps.com/">https://www.myschoolapps.com/</a> pou soumèt aplikasyon elèv ou a (yo) sou fòm entènèt la pi vit ke posib, dat limit la te 30 Jiyè. Tanpri sonje nou se yon lekòl ke timoun yo paka poter manje ki gen nwa ladan l - <u>pa voye nenpòt atik ki gen nwa nan lekòl la ak elèv ou a.</u></p> <p><a href="#">Meni Dejene/Manje Midi pou out</a> afiche sou sit entènèt nou an.</p> <p>Elèv k ap pote dejene / manje midi de lakay yo dwe pote l avèk yo lè yo rive, biwo prensipal la <u>pa</u> aksepte / delivre dejene ak manje midi ke paran depozer nan salklas yo.</p>
<p><b>Sondaj Pou Transpò</b></p> 	<p>Si ou ranpli sondaj transpò a, nou ap travay sou kalifikasyon elèv ou a ak plan transpò l, sa a pral disponib pa vandredi. 3 septanm, sèvis otobis kòmanse sou lendi, 13 septanm. Si ou te mande yon MetroCard, yo pral distribye nan madi nan semèn sa a. Lyen pou sondaj la se: <a href="https://bit.ly/2UBNv40">https://bit.ly/2UBNv40</a></p>
<p><b>Yon Boutèy DLO ki plen</b></p> 	<p>Pa bliye voye <b>yon boutèy DLO ki plen</b> chak jou pou elèv ou a. Ekri non yo sou boutèy la. Yo pral kapab ranpli boutèy yo pandan tout jounen an.</p>
<p><b>Inifòm Mouvman (GYM)</b></p> 	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Chak elèv gen klas yoga OSWA capoeira yon fwa pa semèn</li> <li>• Chak elèv tou gen rekreyasyon chak lendi-jedi, ki pral deyò otank posib, si se deyò oswa andedan lekòl la, rekreyasyon yo pral baze sou mouvman</li> <li>• Nou mande pwofesè yo tou pou yo mete repo mouvman souvan nan salklas yo</li> <li>• Inifòm Gym yo ka mete nenpòt lè!</li> </ul>


### EVÈNMAN KALENDÈ KI AP VINI

<p><b>mèkredi, 1ye septanm a 5:30pm</b></p>	<p><b>Nwit Antre Lekòl - Fè Eksperyans yon jou nan lavi Tig CBACS ou a</b> Antre nan Lyen RingCentral Google Classroom Elèv ou. Pwofesè elèv ou a ap voyer lyen RingCentral la ba ou pou reyinyon a. Feyè an afiche isit <a href="#">LA</a>.</p>
<p><b>lendi, septanm 6</b></p>	<p>Pa gen lekòl - Jou travay Labor Day</p>
<p><b>Vandredi, 17 septanm</b></p>	<p>Pa gen elèv - Jou Devlopman Pwofesyonèl</p>

## NÒT ENPÒTAN KONSÈNAN ARIVE AK KAN LEKÒL LAGE:

- **Arive -**
  - **Jodia, lendi. 23 out kòmanse jou lekòl konplè nou an, lekòl lage lendi-jedi nan 3:15 pm, vandredi nan 1pm.**
  - **Pòt nou yo louvri a 7:30 am, nou konsidere elèv yo anreta a 8:01 am.** Paran yo dwe antre anndan bilding lan pou yo prezante elèv yo pou arive anreta a, tcheke tanperati ak App paspò a. Tanpri, pa voye elèv anreta pou kont yo. Arive anreta konte, tanpri rive anvan 8am!
- **Kan Lekòl Lage -**
  - Pas Tig pou kan lekòl lage dwe prezante nan antre bilding la kan ou vin chache elèv ou, sa asire yon pwosesis antre ak sòti nan bilding lan ki rapid.
  - Si Pas la pa prezante, moun ki otorize pou vin chache elèv ou ap bezwen montre idantifikasyon yo epi yo pral ba li yon pas tanporè, sa pral lakòz yon reta nan antre nan bilding lan.
  - Pòt fèm nan 3:30 pm (lendi-jedi) ak 1:15 pm (Vandredi) pou para ki anreta pou vin chache elèv.
- **Lè wap depoze oswa vin chache elèv nan machin -**
  - Tanpri asire w ke ou pa bloke lari a ak trafik kap vini devan lekòl la. Ou dwe jwenn yon plas ki pa bloke antre pakin oswa trafik sou ri East 29 la.
  - Ou ka jwenn tikè semèn k ap vini an si yo jwenn machin ou a bloke trafik oswa antre pakin la. Fè yon ti wonn blòk la jiskaske ou ka jwenn yon espas, machin pa ta dwe san chofè ak bloke lari a.
- **Kan ou vin chache elèv pi bonè ke kan lekòl lage -**
  - Tanpri evite vin chache elèv ou bonè pandan jounen lekòl la. Sa lakòz reta pou anplwaye yo ak elèv yo nan preparasyon pou lage lekòl nan fen jounen an. Pou sitiyasyon ijan, vin chache elèv anvan 2:30 pm lendi - jedi ak 12pm nan vandredi.
  - Randevou doktè sof si enfimye lekòl la refere li ta dwe pwograme pou vandredi, jou mwatye jounen nou, jou devlopman pwofesyonèl ak jou vakans lekòl la.

## Resous Adisyonèl



**REACHING EXCELLENCE IN ACHIEVERS & LEADERS, INC.**

**R.E.A.L. AFTER SCHOOL Tutoring Program**  
MAKING A R.E.A.L. DIFFERENCE IN THE COMMUNITY

**UPK - 8TH GRADE**  
Half Day & Out of School Time Days  
**HOMEWORK HELP & TUTORING**

Specializing in Reading, Math, Science,  
ELA, Math, Science Test Prep

MON - FRI  
R.E.A.L. VENUE  
1805 NOSTRAND AVENUE \* BROOKLYN, NEW YORK 11226  
M:(855) 275-REAL (7325) // P: (347) 594-5789



**St Jerome Community Outreach Committee in Partnerships with Catholic Charities Presents**

**Don't Miss Out! Live Music**

**Back to School**

**SUPPLY GIVEAWAY**  
Free Arts and Crafts For the kids  
Free Health Screenings

**WE ARE GIVING AWAY FREE SCHOOL SUPPLIES ON TUESDAY AUGUST 24TH AT 11:00AM - 2:00PM**

**SPONSORED BY: STAPLES, COUNCIL MEMBER FARAH N. LOUIS**

**LOCATION: ST JEROME ROMAN CATHOLIC CHURCH YARD  
2900 NEWKIRK AVE, BROOKLYN NEW YORK 11226**